Таймасханил

Х1ажимух1амад

Ч1ах1иязул биценаздасан щварал баяназда рекъон живго х1ажизабазул тухумалъул, унго-унгояв Аллагьасул амруги Аварагасул нухги ц1унарав чи вук1анила Алмахъалдаса Таймасханил вас Х1ажимух1амадилан абула. Умумуздасан щвараб бац1ц1адаб тарбиялъе хилиплъич1ев чи х1исабалда г1умро т1амунила гьес. Борхатаб, жаниб ц1ураб лагаялъул х1ал бугев чи х1исабалда бицуна гъов лъалез. Гьабулеб х1алт1улъ кидаго нахъе къай гьеч1ев, х1инкъи-къай лъаларев чи х1исабалда рехсола. Иман-исламалъул рахъ гьесухъе вахарав чи вук1инч1олъи цо-цо мисалаздасан лъала. Гьев вук1уна Х1асан устарасул вирд босарав, зама-заманаялда гьесухъе хьвадулев чи. Эркенаб заман гьесул бук1унароанила, нухдасан унеб заманаялда гьалмагъасулгун к1алъай къанаг1атаб бук1анин, рик1к1адег1ан щваниги гьалмагъ рокъове вит1улаанила - мун цадахъ вугони жиндир х1алт1уе квалквал кколин.

Гьес яшав гьабун бук1ун буго гьанже Х1асанил вас Зайбодин вугеб бак1алда. Мадугьалихъ, Динучил рукъ бук1араб бак1алда цебехун, гъоркьнухабе щвезег1ан яшавун рук1ун руго Г1умарги Валиги. Мадугьалихъ рук1ун гала-ч1валиялда гьоркьоб хабар ккун буго, нилъ гьал къваридал бак1азда щибулайин яшав г1уц1изе г1ураб ракь т1аде гьеч1еб бак1алда. Рач1айин г1ат1идал ракьал ругелъуре ине х1ал бихьизеян. Х1ажимух1амадица т1аса бищун буго Шорто ракьалдаса бак1. Г1умарицаги Валицаги - к1иго вацас - Квериманалдаса бак1 т1аса бищун буго. Лъабасулгоги г1ат1идал ракьалги рук1ана. Гьезда хадур цогидал г1адамалги росулъа дол ракьазде гочун руго. Х1ажимух1амадица рохь къот1ун бух1ун г1ат1идаб ракь х1адур гьабун буго. Хъизан гьабун Т1агьиратгун яшавун вук1ун хадусалалъ Гичи ячуна. Х1ажимух1амадил къвак1араб г1адлуялъ к1ияйго ч1ужуялъул къват1ибехун щибго г1унгурт1и загьирлъуларо. Кин бугониги Т1агьиратие ц1ияб рукъ бала дагьабго бехег1ан. Х1ажимух1амадица руччабазда гьоркьоб гьабулеб г1адло бащад ккезе щиялъулъуб щу-щу сордо-къо балеб бук1ун буго. Колхозалда х1алт1ун щвараб т1ощел-мухь лъидего ц1айи гьабич1огон бащад гьабулаанила руччабазда гьоркьоб. Рецол заманалда цо га къоеги бецун бакъанида ригьилго рокъове щолаанила.

[redacted]

[redacted]